



**Haitian Creole Edition**  
**Grade 8 Mathematics Test, Book 1**  
**March 6–12, 2008**

**Pwogram Egzamen Leta Nouyòk**  
**Egzamen Matematik**  
**Liv 1**

Ane **8**

**6–12 mas 2008**



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2008 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

## TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li avèk atansyon tout enstwiksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou chak repons anvan ou chwazi repons ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.



## Egzanp A

Ki fòm chak baz yon silend?

- A sèk
- B rektang
- C triyang
- D kare

## Egzanp B



Sèvi ak règ ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.


Ki sipèfisi rektang ki anba a an santimèt kare?

- A 15
- B 17
- C 30
- D 34



**1**

Nan chema ki anba a, ki pè ang ki genyen menm mezi?



[pa trase selon echèl la]

- A  $\angle 1$  ak  $\angle 2$
- B  $\angle 1$  ak  $\angle 4$
- C  $\angle 2$  ak  $\angle 3$
- D  $\angle 2$  ak  $\angle 4$

**2**


Ki sitiyasyon ki **pi byen** reprezante nan ekspresyon  $4h + 2$ ?

- A Kepa pase 4 èdtan ap fè bebisit epi 2 èdtan nan depasman.
- B Kepa pase 4 èdtan ap fè bebisit epi li resevwa \$2 nan depans depasman li.
- C Kepa pral touche \$4 pou fè bebisit epi li pase 2 èdtan nan depasman.
- D Kepa pral touche \$4 pou chak èdtan li fè nan bebisit plis \$2 pou frè depasman.

***Kontinye***

3

Nan chema ki anba a, dwat  $l$  ak dwat  $m$  paralèl.



[pa trase selon echèl la]


Ki mezi  $\angle x$ ?

- A  $18^\circ$
- B  $72^\circ$
- C  $108^\circ$
- D  $162^\circ$



**4**

Nan chema ki anba a,  $\overleftrightarrow{PQ}$  koupe  $\overleftrightarrow{RT}$  nan pwen S, epi mezi  $\angle TSQ$  se  $88^\circ$ .



[pa trase selon echèl la]

Ki mezi, en degre, pou  $\angle x$ ?

- A 88
- B 92
- C 178
- D 268

**5**

Senplifye ekspresyon ki anba a.


$$5x(2x - 5)$$

- A  $10x - 5$
- B  $10x^2 - 5$
- C  $10x - 25x$
- D  $10x^2 - 25x$

***Kontinye***

**6**

Rektang ABCD fòm avèk triyang ABC ak triyang ACD, jan yo montre sa anba a.



Ki kote nan triyang ABC ki se ipotenz lan?

- A  $\overline{AB}$
- B  $\overline{AC}$
- C  $\overline{BC}$
- D  $\overline{CD}$

**7**

Ki fòm senplifye ekspresyon ki anba a?

$$\frac{8x^6 - 6x^3}{2x^2}$$

- A  $4x^3 - 3$
- B  $4x^4 - 3$
- C  $4x^3 - 3x$
- D  $4x^4 - 3x$


**8**

Lamar fè konnen pwa,  $w$ , chat li a se **pi plis** 11 liv. Ki inegalite ki reprezante sa li di a?

- A**  $w \leq 11$
- B**  $w \geq 11$
- C**  $w < 11$
- D**  $w > 11$

**9**

Nan chema ki anba a, ki pè ang ki konplèmantè?



[pa trase selon echèl la]

- A**  $\angle 1$  ak  $\angle 2$
- B**  $\angle 2$  ak  $\angle 3$
- C**  $\angle 2$  ak  $\angle 4$
- D**  $\angle 3$  ak  $\angle 4$

***Kontinye***

**10**

Jessica te ale achte yon mont nèf. Li te jwenn yon mont ki te orijinèlman \$50 sou li epi y ap vann avèk rabè pou \$40. Ki pousantaj rabè yo bay sou mont lan?

- A 10%
- B 20%
- C 25%
- D 40%

**11**

Miltipliye  $(a + 2)(3a - 1)$ .


- A  $3a^2 - 2$
- B  $3a^2 + 5a$
- C  $3a^2 + 4a - 2$
- D  $3a^2 + 5a - 2$

12



Sèvi ak règ ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Diane ap fè yon vwayaj. Li sòti Sacramento, California, pou li ale Olympia, Washington. Yo montre wout li sou kat jeyografik ki anba a.




Dapre kat jeyografik la, ki distans apeprè ki genyen ant Sacramento, California, ak Olympia, Washington?

- A 625 mil
- B 750 mil
- C 875 mil
- D 1.000 mil

***Kontinye***

- 13** Nan chema ki anba a, ki mezi ang  $x$ ?



[pa trase selon echèl la]


- A  $37^\circ$
- B  $53^\circ$
- C  $127^\circ$
- D  $143^\circ$

- 14** Pri dine Cynthia a se \$15,20. Li peye yon poubwa adisyonèl ki reprezante 20% pri dine a. Ki **meyè** estimasyon pou kantite lajan poubwa a?

- A \$2,00
- B \$3,00
- C \$4,00
- D \$5,00

**15**

Nan chema ki anba a,  $\overleftrightarrow{PQ} \parallel \overleftrightarrow{RS}$ , epi dwat sekant  $t$  koupe toulède dwat yo.



[pa trase selon echèl la]

Ki ang ki menm dimansyon ak  $\angle 7$ ?

- A  $\angle 1$
- B  $\angle 3$
- C  $\angle 4$
- D  $\angle 5$

**16**


Chèche valè  $x$  nan ekwasyon ki anba a.

$$3(x + 2) = x$$





- A -3
- B -1
- C 2
- D 3

***Kontinye***

Yo reprezante yon rektang sou plan kouwòdone ki anba a.



Ki imaj ki montre yon wotasyon  $90^\circ$  nan sans zegwi yon mont toutotou pwen orijin lan?





- 18** Ki ekspresyon vèbal ki menm ak ekspresyon aljebrik anba a?

$$8 - 3x$$

- A twa fwa yon nonb mwens uit
- B twa mwens uit fwa yon nonb
- C uit fwa yon nonb mwens twa
- D uit mwens twa fwa yon nonb

- 19** Senplifye ekspresyon ki anba a.

$$\frac{12x^2y^3}{3xy}$$

- A  $4xy^2$
- B  $4x^2y^2$
- C  $\frac{4}{xy^2}$
- D  $\frac{4x}{y^2}$

***Kontinye***

**20**

Senplifye ekspresyon ki anba a.


$$10y^2 - 15y^2$$

- A -5
- B 5
- C  $-5y^2$
- D  $-5y^4$

**21**

Sèvi ak règ ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Chak maten, yon zwazo vole ant pyebwa kote li poze a nan Montgomery pou li ale manje kote li pi renmen nan Newburgh, jan yo montre sa nan chema ki anba a.

**ECHÈL**


1 pous = 5 mil

Apreprè sou konbyen mil zwazo a vole ant pyebwa a ak kote li al manje a chak maten?

- A 2
- B 6
- C 13
- D 18

**22**

Nan chema ki anba  $a$ , dwat  $a$  ak dwat  $b$  paralèl.



[pa trase selon echèl la]

Ki ang ki siplemanchè ak  $\angle 2$ ?

- A  $\angle 3$
- B  $\angle 4$
- C  $\angle 5$
- D  $\angle 7$

**23**

Faktorize ekspresyon ki anba a avèk pi gran faktè komen (GCF) a.

$$12n^5 + 8n^3 + 6n$$

- A  $2n(6n^4 + 4n^2 + 3)$
- B  $2n(6n^5 + 4n^3 + 3n)$
- C  $2n(12n^5 + 4n^2 + 6)$
- D  $2n(6n^4 + 8n^3 + 6n)$

***Kontinye***


**24**

Ki ekspresyon pami sa yo ki **pi byen** dekri yon polinom?

- A** yon desimal ki pa fini oswa ki pa repete
- B** yon ekspresyon aljebrik ki genyen youn oswa plizyè tèm
- C** yon figi prèske plat ki fòme nan twa oswa plis segman dwat
- D** yon nonb ki pi gran pase yon lòt nonb ki genyen egzakteman de faktè diferan

**25**

Yo montre triyang RST anba a.



[pa trase selon echèl la]

Teyorèm Pitagò:

$$c^2 = a^2 + b^2$$

Ki longè  $\overline{ST}$ ?

- A** 5
- B** 8
- C** 12
- D** 18

**26**

Sipèfisi triyang RST se 36 pous kare. Nan ki transfòmasyon sipèfisi imaj la, triyang R'S'T', kapab pi gran pase 36 pous kare?

- A dilatasyon
- B refleksyon
- C wotasyon
- D translasyon

**27**

Senplifye ekspresyon ki anba a.

$$4k^2 + 5k - 3 + 5k^2 + 2$$

- A  $4k^2 + 10k - 1$
- B  $9k^2 + 5k - 1$
- C  $9k^2 + 7k - 3$
- D  $14k^2 + 5k - 1$

**RETE LA**







**Ane 8**  
**Egzamen Matematik**  
**Liv 1**  
**6–12 mas 2008**

**Grade 8**  
**Mathematics Test**  
**Book 1**  
**March 6–12, 2008**